

AMARANT FEY

Amarant Fey

Amaranthus tricolor, A. viridis

Amaranthaceae

ECHO® ENFÒMASYON PLANT

Orijin

Nan rejon imid Afrik, Azi, ak Karayib, yo kiltive amarant Fey an abondans. Amarant Fey pa pwodwi anpil gress, men tanzantan plant la lage gress pou asire perenite espes-la jiskaske jaden-an sanble yon chan zeb.

Itilite

Nou kiltive amarant Fey pou riches pwoteyin li gen nan Fey yo ak boujon terminal yo. Gress amarant Fey yo komestib, men espes amarant gress nan pi bon pou semans. Moun bouyi Fey Amaranthus tricolor pou konsome-l tankou legim. Yo plante varyete ki gen koulè rouj, jon ak vet-la toutpatou nan lemond tankou plant onemantal. Yo itilize Amaranthus tricolor pou bese anflamasyon ekstèn epi tankou diiretik endedan kò.

Common Names

- English
 - Vegetable Amaranth
 - Brède De Malabar
 - Amarante Tricolor
 - slender amaranth
 - green amaranth
- French
 - amarante
 - amarante-feuille
- Spanish
 - Amaranto De Hortaliza
- Swahili
 - Mchicha

Kilti

Bezwèn limye: plant la grandi nan gwo soley

Tolerans sol: ajil; sab; asidik; limon; mineral ak fetil; tolere tè ki gen aliminyom.

Distans plantasyon: 20-30 sm (8-12 pou)

Tanperati: aniwon 21o C (70oF)

Lapli: Pafwa tolere seches

Semi amarant Fey-la fet direk oubyen endirek. Plante ti gress yo nan pwofodè 1 sm / 0.5 pouz oubyen mwens apresa simen tè fen sou li. Paske semans yo feb li pa rekomande pou semi endirek tankou Amaranthus cruentus ak Amaranthus dubius. Semi-an pi fasil si nou melanje gress yo ak sab pou simen direkteman nan liy oubyen gaye. Amaranthus tricolor nòmalman grandi pou kont li nan platbann. Gen kek ka kote li melanje ak lot kilti nan jaden.

Rekot ak pwodiksyon semans

Nan bon sezón gran Fey yo ka rekolete chak semen pandan plizye mwa. Itilize Fey frechman keyi pou manje. Nou ka rekolete boujon k'ap grandi yo tou tankou legim oubyen epis.

Pès ak Maldi

Pi gwo maladi se pouriti tij ke champion Choanephora cucurbitarum lakoz. Yon bon distans plantasyon diminye degré enfeksyon-an. Cheni tankou Hymenia recurvalis, Spodoptera litura, Heliothis armigera ak kriket se gran ravaje amarant. Yonn nan metod tradisionel pou chase yo, se simen sann dife kote y'ap pase. Nematod pa atake amaranth fasil.

Kwit ak nitrisyon

KONSOMASYON AK NITRISYON – Amarant Fey gen mikronitriman esansyel, espesyalman kalsyom, fe, kawotèn, folat ak vitamin C. Nan konparezon ak lot legim yo, li gen plis. Nou kapab konsome li vet tankou zepina. Nan peyi Azyatik yo, se ra pou moun konsome li san bouyi nan salad; Nan End, moun manje tij mou yo tankou aspej.